

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data panalungtikan, (3) prosedur panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, (5) instrumen panalungtikan, jeung (6) téhnik nganalisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan pamarekan anu digunakeun nya éta pamarekan kuantitatif. Pamarekan kuantitatif nurutkeun Arikunto (2019, kc. 27) mangrupa métode panalungtikan anu luyu jeung ngaranna, pamarekan anu ngagunakeun angka, ti mimiti ngumpulkeun data, nafsirkeun kana data éta sorangan, sarta midangkeun hasilna (Arikunto, 2019, kc. 27).

Métode anu dipaké nya éta metodé kuasi ékspérimen. Arikunto (2010, kc. 123) ngébréhkeun aya tilu *design* anu kaasup kana panalungtikan *perquasi eksperiment design*, nyaéta (1) *one shot case study*, (2) *pretest and posttest*, jeung (3) *group comparasion*. Dina panalungtikan ieu, panalungtik ngagunakeun design *pretest* jeung *posttest*. Panalungtikan ieu ngagunakeun tilu tahap nya éta *pretest*, *treatment*, jeung *posttest*. Ieu désain panalungtikan digambarkeun saperti tabél 3.1 di handap.

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan *Pretest* jeung *Posttest*

<i>Pretest</i>	Treatment	<i>Posttest</i>
O ₁	X	O ₂

(Arikunto, 2010)

Keterangan :

- O₁ : *pre-test* (kamampuh nulis laporan kagiatan siswa saméméh ngagunakeun modél *Round Table*).
- X : *treatment* (ngagunakeun modél *Round Table*).
- O₂ : *post-test* (kamampuh nulis laporan kagiatan siswa sabada ngagunakeun modél *Round Table*).

3.1.1 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh siswa dina nulis téks laporan kagiatan ka kelas X IPA 2 di SMA Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2023/2024. Jumlah siswa aya 32 urang, nyaéta 12 urang lalaki jeung 20 urang awéwé. Ieu data panalungtikan dilaksanakeun di Jl. Pak Gatot Raya No.73 Gegerkalong, Kec. Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat. Bisa dititénan dina tabél 3.2 di handap.

Tabél 3. 2

Jumlah siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2

Lalaki	Awéwé	Jumlah
12	20	32

3.1.2 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data, di antarana saperti di handap.

a. Masalah nu karandapan dina Pangajaran Nulis

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMA Kartika XIX-2 Bandung ngeunaan masalah nu karandapan di kelas nalika nepikeun materi ajar laporan kagiatan hususna di kelas X IPA 2 luyu jeung kurikulum nu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 révisi 2017.

b. Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, léngkah satuluyna pikeun panalungtik nyaéta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis laporan kagiatan di kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2.

c. Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, tuluy anu dilakukeun ku panalungtik nyaéta nangtukeun tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada nangtukeun tiori, satuluyna panalungtik ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis nyaéta jawaban anu sipatna samentara pieun pasualan panalungtikan anu baris kabuktian jawabanna ngaliwatan data anu geus ka kumpulkeun.

e. Ngarumuskeun Instrumén Panalungtikan

Sabada ngarumuskeun hipotésis, satuluyna panalungtik ngarumuskeun instrumén nu digunakeun dina panalungtikan anu mangrupa soal *pretest* jeung *posttest* nulis laporan kagiatan.

f. Ngumpulkeun Data

Sabada kapanggih masalah nu aya di SMA Kartika XIX-2 Bandung kelas X IPA 2 taun ajar 2023/2024, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, nulis laporan kagiatan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Round Table*. Kahiji nyaéta *pretest* anu dilaksanakeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis carita pondok saméméh ngagunakeun modél *Round Table*. Ari *posttest* dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis laporan kagiatan sabada ngagunakeun modél *Round Table*.


g. Analisis Data


Data anu dikumpulkeun ngaliwatan tés anu dilaksanakeun ka siswa satuluyna dianalisis ku cara ngagunakeun rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS *versi 29*.

h. Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada panalungtik ngalaksanakeun sakabéh prosedur panalungtikan, satuluyna panalungtik nyusun laporan hasil panalungtikanana.

Sangkan leuwih jéntré, desain prosedur panalungtikan ditétélakeun dina bagan 3.1 di handap.





Bagan 3 1
Prosedur Panalungtikan

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés anu digunakeun nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Tés awal (*pre-test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh nulis laporan kagiatan saméméh dibéré *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*. Ari tés akhir (*post-test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar nulis laporan kagiatan sabada dibéré *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*.

Anapon léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data di antarana saperti ieu di handap.

- Siswa dibéré tés awal (*pretest*) pikeun ngukur kamampuhna dina nulis laporan kagiatan saméméh ngagunakeun modél *Round Table*.
- Sabada mikanyaho hasil nulis laporan kagiatan saméméh ngagunakeun modél *Round Table*, panalungtik kudu nataharkeun hal anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis laporan kagiatan kalayan ngagunakeun modél *Round Table*.
- Nepikeun matéri laporan kagiatan kalawan ngagunakeun modél *Round Table* dina lumangsungna prosés pangajaran. Kagiatan ieu ilaharna disebut *treatment* atawa *perlakuan*.
- Sabada ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir (*posttest*) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis laporan kagiatan sabada ngagunakeun modél *Round Table*.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan mangrupa alat atau *fasilitas* anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, hartina leuwih *cermat*, lengkep, jeung *sistematis* jadi

leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 203). Sacara gurat badag instrumen panalungtikan aya dua wangun, nyaéta instrumen wangun tés jeung instrumen *non-tes* (Arikunto, 2010, kc. 193). Instrumen wangun tés mangrupa runtuyan patalekan atawa latihan sarta alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh anu dipikaboga ku *individu* atawa kelompok.

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nyaéta tés tulis wangun éssay. Soal tés dijieun ku panalungtik dumasar kana KIKD. Tés tinulis dilaksanakeun dua kali, nyaéta tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*). Tés awal nyéta *pretest* pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis teks laporan kagiatan saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*. Tés ahir nyéta *posttest* pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis teks laporan kagiatan sabada ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*. Pikeun meunangkeun data panalungtikan kudu nyusun kisi-kisi soal. Anapon kisi-kisi soal minangka instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3

Kisi-kisi Soal

<i>Kompetensi Dasar (KD)</i>			
4.3 Menulis laporan kegiatan dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan.			
Materi	Indikator Soal	Level Kognitif	Rubrik
Laporan Kegiatan	<i>Peserta didik dapat menulis laporan kegiatan dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan.</i>	C6	<ul style="list-style-type: none"> - <i>Kelengkapan mengembangkan kerangka menulis laporan kegiatan sesuai dengan struktur laporan kegiatan</i> - <i>Penggunaan diksi dalam laporan kegiatan</i> - <i>Penggunaan ejahan dalam laporan kegiatan</i> - <i>Kesesuaian pemakaian bahasa.</i>

Satuluyna éta kisi-kisi nu geus disusun téh dirobah kana wangun lembar soal minangka instrument tés. Anapon lembar tés nu dijieun téh digunakeun dina *pre-test* jeung *post-test* nyaéta saperti di handap.

Tabél 3. 4
Lembar Tes jeung Lembar Kerja Nulis Laporan Kegiatan

Lembar Tes Laporan Kegiatan	
<p>Sateuacanna hidep tangtu kungsi ilubiung dina kagiatan, boh kagiatan di sakola boh kagiatan di luar sakola. Pék jieun hiji téks laporan kagiatan, kalayan milih salasahiji téma anu geus ditangtukeun.</p>	
<ol style="list-style-type: none"> 1. Pilih salasahiji téma di handap. <ol style="list-style-type: none"> a. Kaagamaan b. Sakola c. Lingkungan d. Liburan 2. Jieun téks laporan kagiatan minimal 3-4 paragraf! 	

Lembar Kerja Nulis Laporan Kegiatan	
Wasta	:
No. Absen	:
Kelas	:

3.6 Téhnik Analisis Data

Téknik analisis data mangrupa kagiatan upama sakabéh data geus ka kumpul. Data nu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh

awal (*pre-test*) jeung kamampuh ahir (*post-test*). Aya sawatara léngkah anu kudu dipilampah dina nganalisis data hasil kamampuh nulis teks laporan kagiatan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Round Table*.

- a. Mariksa hasil nulis téks laporan kagiatan tina *pretest* jeung *posttest* dumasar kana aspek di handap.

Tabél 3. 5

Kritéria Meunteun Nulis Laporan Kagiatan

No.	Aspék	Bobot	Kritéria
A	Eusi	4	Hadé pisan: sampurna, maham eusi saluyu/relevan jeung masalah atawa judul anu dipedar
		3	Cukup-Hadé: maham eusi saluyu/relevan jeung masalah atawa judul anu dipedar, tapi kurang lengkep.
		2	Sedeng-Cukup: pamahamanna kurang, kurang bisa mekarkeun kecap konci atawa substansina pasualan anu dipedarna heureut
		1	Kurang Hadé: teu maham, teu bisa mekarkeun substansi atawa kecap konci.
B	Organisasi	4	Hadé pisan: sampurna, gagasan anu ditepikeun jelas, ngaruntut, urutanna logis jeung kohésif.
		3	Cukup-Hadé: kurang kaorganisir, tapi ide bisa katingali, kawatesanan bahan pangrojong, runtuyanna logis tapi teu lengkep.
		2	Sedeng-Cukup: gagasan teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan sarta mekarkeuna teu logis.
		1	Kurang Hadé: henteu komunikatif, teu terorganisir, jeung teu cukup pikeun diajén.
C	Kosa Kecap	4	Hadé pisan: sampurna, jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecap nu merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap.
		3	Cukup-Hadé: kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi teu ngaganggu.
		2	Sedeng-Cukup: sedeng, kurang éféktif, kawatesan dina milih kekecapan sarta make kosa kecapna mindeng salah nepi ka

No.	Aspék	Bobot	Kritéria
			ngabalukarkeun salah ma'na.
		1	Kurang Hadé: teu éféktif, asal-asalan dina milih kekecapanna, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap atawa kurangna kabeungharan kecap, teu cukup pikeun diajén
D	Adegan Basa	4	Hadé pisan: sampurna, ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahanna dina make jeung nyusun kalimah sarta kekecapanna.
		3	Cukup-Hadé: konstruksi basajan tapi éféktif, saeutik kasalahana tata basa, jeung teu ngaleungitkeun ma'na
		2	Sedeng-Cukup: hésé dina maké jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa, ma'nana teu puguh.
		1	Kurang Hadé: teu ngawasa kana aturan sintaksis, loba kasalahan tata basa, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén
E	Mékanik (Éjahan jeung diksi)	4	Hadé pisan: Sampurna, ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan, jeung tulisan kabaca tur rapih.
		3	Cukup-Hadé: kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na, tulisan kabaca rada rapih
		2	Sedeng-Cukup: kurang ngawasa aturan panulisan, remen kajadian salah éjahan, jeung ma'nana teu puguh, jeung tulisan rada kabaca tapi teu rapih.
		1	Kurang Hadé: henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, jeung tulisanna hésé dibaca, jeung teu rapih teu cukup pikeun diajén.

Harfield jeung Nurgiyantoro (dina Kuswari, 2010, kalayan diropéa deui)

- b. Méré peunteun kana hasil nulis laporan kagiatan siswa kalayan ngagunakeun rumus di handap.

$$P = \frac{\Sigma \text{ skor } (a + b + c + d + e)}{\Sigma \text{ skor maks } = 20} \times 100$$

Tabél 3. 6
Kritéria Peunteun Dumasar KKM

Peunteun	Katégori
≥ 75	Tuntas
≤ 75	Can Tuntas

KKM : 75

Peunteun Maksimal : 100

Katégori :

Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap tuntas nulis laporan kagiatan nu bénéér.

Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can tuntas nulis laporan kagiatan nu bénéér.

c. Ngasupkeun data kana tabél kamampuh nulis laporan kagiatan saperti di handap.

Tabél 3. 7
Aspék nu di peunteun

No	Aspék Nulis Laporan Kagiatan					P	P2	Katégori
	A	B	C	D	E			
Jumlah								
Rata-rata								

Keterangan :

A : Eusi

B : Organisasi

C : Kandaga Kecap

D : Adegan Basa

E : Mékanik (éjahan jeung diksi)

P : Peunteun (skor siswa)

P : Peunteun maksimal (skor maksimal)

3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun uji sipat data bakal dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji hipotésis. Data kuantatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ngagunakeun *software* SPSS PSAW ver 29. SPSS singgetan tina *Statistical Product and Service Solutions* mangrupa alat anu mineng dipilih jeung digunakeun pikeun ngolah jeung

Nurul Taupika Rahman, 2024

MODÉL ROUND TABLE DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN KAGIATAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X IPA 2 SMA KARTIKA XIX-2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nganalisis data kuantitatif. Data anu dianalisis nyaéta hasil *pretest* jeung *posttest* anu satuluyna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS *ver 29*.

3.6.2 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa henteu normal. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun data *pretest* jeung *posttest* nulis laporan kagiatan ti kelas anu dijadikeun bahan panalungtikan distribusina normal atawa henteu. Ku kituna, aya sababaraha métode pikeun nguji normalitas data panalungtikan salasihijina ngagunakeun *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_1 : data distribusina normal

H_0 : data distribusina henteu normal

H_1 ditarima jeung H_0 ditolak, lamun nilai sig. (signifikan) $\geq 0,05$

H_1 ditolak jeung H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikan) $\leq 0,05$

Saupama nilai signifikan $> 0,05$ ku kituna H_0 ditarima, hartina data sample anu digunakeun distribusi normal. Sabalikna, saupama nilai signifikan $< 0,05$ ku kituna H_a ditolak, hartina data sample anu digunakeun distribusina henteu normal.

3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis digunakeun pikeun nangtukeun yén hiji hipotésis anu tangtu ngeunaan populasi ditarima atawa ditolak. Nurutkeun Arikunto (dina (Mulyani, 2021, hal. 14) hipotésis mangrupa jawaban samentara dina masalah panalungtikan, nepi ka kabuktian ngaliwatan data anu ka kumpul. Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa dilakukeun. Kahiji upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic Parametic*. Ari nu kadua upama hasil uji normalitas nujukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametic*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_1 (Hipotésis Alternatif) : aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis laporan kagiatan saméméh jeung sabada

ngagunakeun modél *Round Table* kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2.

H₀ (Hipotésis Nol) : henteu aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis laporan kagiatan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Round Table* kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2.